# XIX ӘСИР АҚЫРЫ XX ӘСИР БАСЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҚАЗЫ СУДЛАРЫНЫҢ ТАЙЫНЛАНЫЎЫ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ХЫЗМЕТИ

**Опаев Баймурат Абдрешитович**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

**Аннотация.** Қарақалпақстанда қазылар VIII әсирден баслап 1928-жылға шекем өз хызметин алып барды. Усы узақ ўақыт даўамында қазы судлары раўажланған ҳәм кризис дәўирлерин басынан өткерди. Патша Россиясы Орта Азияны басып алғаннан кейин қазылар алдыңғыдай медресени питкерген, шариатты пухта өзлестирген адамлар арасынан тайынланбай Патша ҳәмелдарлары арасынан сайлап қойылатуғын болды. Усы мақалада қазы судларының XIX әсир ақыры XX әсир басларындағы тарийхы бойынша сөз етеди.

**Таяныш сөзлер:** Қазы судлары, Қарақалпақстан, XIX әсир ақыры XX әсир баслары, сайлаў, жаза, Әмиўдәрья бөлими.

Патша Россиясы тарепинен Түркистан үлкесин басып алғаннан кейин казы лаўазымы бийкар етилмеген. Патша ҳәкимшилиги қазыларды өз мәплери ушын шеберлик пенен пайдаланған.

1865-жылдың августында “Түркистан ўәлаятын дузиў ҳаққындағы ўакытша нызам” қабыл етиледи. Бул нызам бойынша қазылар халық тәрепинен сайланып, әскерий губернатор тайынлаў тәртиби белгиленген. Бирак ис жузинде қазылар ел басқарыўшылар тарепинен сайланып қойылған. Сондай-ақ, және бир өзгешеликлердиң бири егер ханлық дәўирде қазылардан жынайый ҳәм пухаралык ислерди караў белгили бир мүддет нызамның 185-статьясында даўагерлер өзиниң үлкесиндеги өзлериниң исенимин ақлаўға көзи жеткен қазыларға усыныс етиў ҳуқықы да көрсетилген.

Патша ҳәкимшилиги елдеги суд жумысларында қайта дүзди. Суд ислери бурынғысынша қазылардың қолында қалды. Бирақ, бурын ҳәр бир бекликте бир қазы болған болса, енди ол орайластырылды. 1876-жылы сайлаўлардан кейин суд участкалары пайда болды. Усы тийкарда Әмиўдәрья бөлиминиң Шымбай участкасы 5 суд участкасына: Нөкис, Дәўқара, Қоңырат ҳәм Таллық, Кегейли ҳәм Нәўпир, Шымбай, Есимөзек ҳәм Көкөзек болыслық суд участкаларына бөлинди [Қарақалпақстанның жана тарийхы, 2003. – 56]. Бул участкалардың ҳәр бириниң басында қазы турды. Сайлаў мапазында болыс ҳәм ақсақалларды сайлаған жол менен қазылар да сайланды. Олар халық тәрепинен үш жыл мүддетке сайланып қойылды.

Әмиўдәрья бөлиминиң ҳәкимшилиги халық тарепинен сайланған. Оларды “халык судлары” деп атаған. Жергиликли халық оларды қазылар деп атады.

Қазы лаўазымларына медресесени питкерген, ислам дини ҳәм шариат кағыйдаларын жетик билетуғын адамлардан сайланды. Патша ҳәкимшилиги қазыларды өз мәплери ушын шеберлик пенен пайдаланды. Қазылар-суды таласлы мәселелерди, даў-жәнжеллерди шешиў менен шекленип қоймастан бөлим турмысындағы барлық мәселелерге араласқан [Гиршфельд., 1903. – 7]. Қазылардың жоқары уйымы қазылар қурылтайы болған.

Қазылар қурылтайы қазылар судынан жоқары болған. Онда казылар судының шешимине қанаатланбаған жәбирлениўшилердиң шағым арзаларын көрип шығатуғын еди [Гиршфельд., 1903. – 10]. Әмиўдәрья бөлиминиң Шорахан ҳәм Шымбай участкаларында жарастырыўшы суд участкалары да болған. Патша ҳәкимшилиги ўәкиллери бул судты “орыс суды” деп атаған ҳәм өз ҳүжжетлеринде жазған. Жарастырыўшы судлар тергеўши хызметинде алып барған. Әмиўдәрья бөлиминиң жарастырыўшы судлары Самарқанд судлық округының бир бөлими болып, ол Ташкент суд палатасына бағынған [Қосбергенов., 1972. – 123].

1880-жылдан баслап айрықша елатларда ҳәр бир болыслықта бир қазы суды болған. Ал, көшпели ҳәм ярым көшпели кишилеў елатларда да ҳәр бир аўылда бир қазы суды болған.

Түркистан генерал-губернаторлығында 1886-жылдан баслап еки судьялық бақлаў системасы ҳүким сүреди.

Биринши улыўма Россиялық нызам бойынша, екиншиси шариат ҳәм әдет дәстүрлерине тийкарланып ҳәрекет еткен.

Биринши система бойынша 1898-жылы 2-июльдеги Россия империясы жоқары уйымының нызам қағыйдалар жыйнағы бойынша Орта Азияда жарастырыўшы (мировой) судья, областлық, округлық судья палаталары ҳәм әскерий судья өз хызметлерин атқарса, екинши система бойынша қазы ҳәм бийлер судлары да ҳәрекет етеди. Әмиўдәрья бөлиминде 1897-жылдан баслап отырықшы районларда 15 судья ҳәм халық судлары қурылтайы, ал көшпели районларда 7 аймақлық, 24 аўыллық, 2 халық судлары қурылтайы ҳарекет еткен. Солай етип Әмиўдәрья бөлиминде Шорахан ҳәм Шымбай уездлеринде 2 уездлик судья ҳәм 2 жарастырыўшы судья, әскерий суд ҳәм қазы суды (халық суды) дүзилди. “Халык суды” атын алған қазы ҳәр бир болысларда, ҳәр бир халық жайласқан пунктларда дүзилген қазылардың қарар шығарыўында муфтий ҳәм юридикалық консультантлар, мәсләҳәтшилер үлкен роль атқарған [Сулайманова., 1967. – 170].

Хийўа ханлығы қурамындағы қарақалпақ районларында, аталық, беклик басқарыў системасындағы қазылар түрли жәнжеллерди шариат ҳәм әдет дәстүрлерине тийкарланып шешкен олар беглербеги, бийлер менен моллалардың мәсләҳәтин есапқа алып даў-жәнжеллерди шешкен. Соның менен

қатар қазы ҳәм бийлер суды неке, талақ, шаңарақ мәселелерин шешиў менен бир қатарда аса қәўипли жынаятларды да қарап дене жазасын қолланыў қол-аяғын, мурнын кулағын кесиў, сондай-ақ өлим жазасын да қолланған.

Профессор Ш.Бабашевтың тастыйықлаўына қарағанда Хожелидеги 1916-жылы болған көтерилис басшыларына өлим жазасы берилген:

1916-жылдың бас гезинде Хийўа ханы, орыс патшалығының колониаллық басқарыў системасына қарсы Хожели беги Әўезжан хожа Муртазахан басқарған қозғаланның аяўсыз бастырылғаннан кейин оның белсенди басшыларына айып жәрияланып Хожели қаласында дарға асылғаны тарийхтан мәлим. 1916-жылдың апрель айының бир күни Хожели қаласының мал базары майданында қурылған дар алдында Хийўа қазы суды тәрепинен миллий азатлық гүрестиң басшылары атанған он бир адам үстинен ашық суд процеси шөлкемлестирилди. Көтерилистиң басшыларынан бириниң қызы Бийбимарьям әкесиниң өлими туўралы былай еске түсиреди:

1916-жыл апрель айының қайсы күни екенин еслей алмайман. Хожелиниң ҳәкими Әўезжан ҳәм мениң әкем Худайберген ахун бир топар қолын артына қайырылып байланған адамларды ханның жасаўыллары ески Хожели қаласы мал базарына қурылған дар алдына айдап алып келди. Майданшада, халық лыққа толды. Бул ўакыяны жақсы еслеймен, себеби мен сол ўақытта 9-10 жаслар шамасында едим. Суд ашық мәресимине менде адамлар арасында жасырынып турып, қәдди бойын тикке услап, тәғдирине тән берген “гунәкарлар”дың алдында киятырған әкемди көргенимде көз жасымды тыя алмай бақырып жылап жибере жазладым. Қасымдағы адам аўзымды жаўып демиңди шығарма деп услап қалды.

Майданға патша генералы Галкин Хийуа ханы Аспандиярхан ҳәмелдарлары ҳәм Әмиўдәрья музапатындағы ҳәмелдарлары да жыйналған. Жыйналғанлар алдында қазы-кәлан хан дүзимине қарсы бас көтерген “айыпкерлердиң” атларын оқып айыпларын жәриялап дарға асыў менен өлим жазасына қабыл етилгенлердиң ҳүкимин жәриялады. Көзимниң алдында басларына таўардан тигилген бас кийим кийгизген Әўезжан оның ағасы Махмуд пенен бирге мениң әкем Худайберген ахун Исаматдин ҳажы ийшанда дарға асылды. Ханның арнаўлы сақшыларының қорғаўында дарға асылғанлардың денеси үш күн дарға асыўлы турды” [Бабашев., 2009. – 11, 12].

Пүткил ханлық ҳүким сүрген дәуирден 1920-жыл февралда ақырғы Хийўа ханы Саид Абдулла хан қулатылғанға шекем оның этирапындағы аўылларда қазылық судлар ҳүким сүрди. Хийўа ханлығына қараған дәрьяның шеп жағаларындағы қаракалпақ районларында Мойнақ, Қыпшақ, Қылышниязбай, Қоңырат, Қыят, Маңғыт, Хожели, Шоманай беклеринде қазылық судлары өз жумысын алып баратуғын еди.

Түркистан генерал-губернаторлығында, Хийўа ханлығында абырайлы диний саўатлы уламалардан сайланған қазылардың арасында шариат жолы менен пухаралардың ҳуқықларын қорғап ис жүргизген жәмәәтлик тәртипти ҳәм теңликти орнатыўда хызмет етип халық алдында абырайға ерискен қазылардың да болғанлығы мәлим. Олардан Шымбай районда Қадир қазы, Бекбаул ахун қазы, Асқар қазы, Қурбан қазы, Төрткүл районынан Атажан қазы Мухамматдинов, Ныязымбет қазы Юсупов, Шаббаз районынан Раджаб қазы Уайисов, Атажан қазы Хасанов, Қыпшақ районынан Шеримбет қазы Дәўлетмуратов, Шанияз қазы Матырзаев, Қурбанияз қазы Ирниязов, Ирназар қазы Шамуратов, Қоңырат районынан Жалел қазы Раметуллаев, Мадияр қазы Алланиязов, Елмурат қазы Ерниязов, Тахтакөпир районынан Темирхан қазы Баймурзаев, Аңсатбай қазы Бекимбетов, Қараөзек районынан Арзымбет қазы, Көшкинбай қазы Тохмағанбетовлар өз ўазыйпаларын инәбатлы бәржай келтирип шариат жолы менен жәбирлениўшилердиң шағымларын ҳужданы менен шешип, әдил ҳүким қабыл етип халық алдында үлкен абырайға ерискен еди.

Солай етип жуўмақлап айтатуғын болсақ, Әмиўдәрьяның еки тәрепинде жайласқан қарақалпақлардың сиясий-ҳуқықый турмысында қазылардың орны үлкен болды. Қазылар бир неше әсирлер даўамында жәмийеттеги даў-жәнжеллерин шешкен болса да, сол дәўир ишинде реформа исленбестен қалып кетти. Колониал дәўирде қазыларды тайынлаўда өзгерислер болған болса да, бул өзгерислар ақырында Патша Россиясы администрациясы мәплерине сәйкеслендирилген болып, ақырында жадидлер деп аталған ҳәрекет ўәкиллери жәмийеттеги басқа тараўлар менен бир қатарда қазы судларында да реформа өткериў талаплары менен шығыўына алып келди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Бабашев Ш. Дөҳмет дегиши. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009. – Б. 348.

2. Гиршфельд и Галкин. Военно-статистические описание Хивинского оазиса. Ч. II. – Ташкент, 1903. – с.7.

3 Қосбергенов Р. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1972. – Б. 224.

4. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. (Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем). – Нөкис: Қарақалпақстан, 2003. – Б. 556.

5. Сулайманов Х. Собрание сочинение. Том 1. – Ташкент: Фан, 1967 – с. 308.